

# KONSÈY-



# POU KONSOMATÈ

**Antreprenè esansyèl pou ede ou konstwi epi repare kay oswa pwopriyete ou.**

Ou ap jwenn kèk konsèy pi ba a pou asire ou travay ak antreprenè ki lisansye epi ki lejitim, epi pou evite ou viktim magouy.

## CHWAZI YON ANTREPRENÈ

### ✓ VERIFYE LISANS ANTREPRENÈ A AVAN

Verifye si antreprenè a gen yon lisans Florida ki aktif epi ki valid sou [www.MyFloridaLicense.com](http://www.MyFloridaLicense.com).

Pa pèmèt yon antreprenè enspekte pwopriyete ou, ni tèt kay ou, avan ou verifye se yon antreprenè ki lisansye epi ki gen bon repitasyon.

### ✓ VERIFYE ASIRANS KONT AKSIDAN NAN TRAVAY

Verifye si antreprenè a gen swa:

- ▶ **Asirans kont Aksidan nan Travay**  
<https://dwcdataportal.fldfs.com/ProofOfCoverage.aspx>
- ▶ **Prè Franchiz konsènan Dedomajman pou Aksidan nan Travay**  
<https://dwcdataportal.fldfs.com/Exemption.aspx>

### ✓ VERIFYE PLENT

Verifye si yo pa depoze plent pou antreprenè a sou sitwèb Better Business Bureau (Biwo Etik Komèsyal) a: [www.BBB.org](http://www.BBB.org).

### ✓ REFERANS ANTREPRENÈ A

Mande antreprenè a referans, sitou referans ki pa depase 12 mwa.

### ✓ DEVI DETAYE

TOUJOU mande yon devyi detaye alekri avan ou siyen yon kontra oswa yon akò reparasyon.

### ✓ DEVI MILTIP

Resevwa devyi detaye alekri nan men omwens 3 antreprenè ki lisansye epi ki gen bon repitasyon. Mande zanmi ou, kòlèg ouwa manm fanmi ou refere ou antreprenè.

### ✓ KONPRANN KONTRA ASIRANS OU AN

Pa kite yon antreprenè eksplike oswa entèprete kontra asirans ou an. Si ou gen kesyon konsènan kontra oswa pwoteksyon asirans ou an, kontakte ajan asirans ou an oswa konpayi asirans ou an pou ou jwenn repons.

### ✓ ENSPEKSYON KONPAYI ASIRANS

Si travay yon antreprenè ap fè antre nan kad yon reklamasyon asirans, pèmèt konpayi ou a vin enspekte domaj yo **AVAN** ou siyen nenpòt dokiman epi **AVAN** yon antreprenè kòmanse travay.

**DEMOLISHCONTRACTOR**  
**FRAUD**  
STEPS TO AVOID FALLING VICTIM

# KONTRA AK DOKIMAN

## ✓ DOKIMAN ASIRANS

Toujou gen yon kopi prèv asirans Responsablite Sivil Jeneral ak Asirans kont Aksidan Travay (General Liability and Workers' Compensation) oswa Prèv Franchiz konsènan Dedomajman pou Aksidan nan Travay (Proof of Workers' Compensation Exemption) antreprenè a AVAN ou siyen yon kontra oswa yon akò reparasyon.

## ✓ CHACHE KONPRANN TOUT SA OU SIYEN

Lè ou ap siyen yon dokiman, pa siyen li si ou pa konprann li! Si sa nesèsè, mande yon pwofesyonèl ou fè konfyans, manm fanmi ou oswa zanmi ou èd pou ou entèprete kondisyon kontra a epi pou ou konprann sa ou pral siyen an.

## ✓ PA JANM SIYEN DOKIMAN KI GEN ESPAS VID

Pa janm kite espas vid nan yon kontra ou siyen epi pa janm siyen yon kontra ki gen seksyon ki pa konplè, sa kapab pèmèt yo ajoute kondisyon ou pa t aksepte aprè.

## ✓ DOKIMANTASYON TOUT DETAY KONSÈNAN KONSTRIKSYON

Asire ou pa gen anyen nou pa ekri, ni deskripsyon konplè konsènan travay antreprenè a ap fè a, dat l ap demare, dat li prevwa fini, yon bidjè detaye ak yon kalandriye pèman.

## ✓ MANDE KOPI TOUT DOKIMAN

Toujou gen yon kopi tout dokiman ou siyen AVAN antreprenè a kòmanse travay.

## ✓ PÈMI POU KONSTWI

Asire ou antreprenè a gen pèmi pou konstwi ki apwopriye pou travay l ap fè yo lè ou verifye biwo pèmi konte oswa vil ou a.

# PÈMAN

## ✓ AVANS

Pa peye lajan kach oswa pa peye tout lajan an alavans. Kèk fwa, li nesèsè pou ou peye antreprenè a yon avans pou li peye materyèl, men avans sa a pa dwe janm reprezante 50% oswa plis pase sa nan pri total pou sèvis la.

## ✓ DEKLARASYON SOU SÈMAN ANTREPRENÈ A FÈ ALEKRI KONSÈNAN PÈMAN FINAL

Avan ou vèse pèman final la bay antreprenè a, mande pou li remèt ou Deklarasyon sou Sèman Antreprenè a Fè Alekri konsènan Pèman Final (Contractor's Final Payment Affidavit) pou ou verifye si li peye soutretan ak founisè yo. Nan atik 713.06(3)(d), Lwa Florida egzije antreprenè yo bay yon Deklarasyon sou Sèman Antreprenè a Fè Alekri konsènan Pèman Final lè yo dwe yo pèman final pou kontra a. Si ou pa peye dèt la, soutretan oswa founisè a kapab plase yon dwa gaj sou kay ou a, jan atik 713.05 ak 713.06 nan Lwa Florida prevwa l la.

## ✓ PÈMAN FINAL

Pa bay antreprenè a pèman final la jiskaske TOUT travay la fini epi ou satisfè.

DEMOLISHCONTRACTOR  
**FRAUD**  
STEPS TO AVOID FALLING VICTIM

KONSÈY POU



KONSOMATÈ